



Gid avantaj Humana w la:

Konsèy Lekòl Konte Broward
Rezime Avantaj Vizyon 2026 la
Sèvis manm vizyon yo
866-890-4464 oubyen 954-527-4088
your.humana.com/sbbc

Humana



Tab dè matyè

<u>Poukisa ou ta dwe enskri pou avantaj vizyon?</u>	2
<u>Karakteristik plan Humana Vision ou an</u>	3
<u>Humana Vision (Debaz)</u>	4-5
<u>Humana Vision (Amelyore)</u>	6-7
<u>Limit ak Esklizyon</u>	8
<u>Kijan pou jwenn yon doktè vizyon nan rezo a</u>	9
<u>Rabè pou manm Humana yo sèlman</u>	11
<u>Rabè anplis pou manm plan Humana Vision yo</u>	12
<u>Jere plan Humana w la sou entènèt</u>	13
<u>Kouvèti vizyon lè w ap vwayaje deyò peyi a</u>	14



Byenveni nan Humana

Nan Humana, nou vle ede pran swen w — avèk avantaj ki rann li fasil pou ou jwenn swen ou bezwen an, nan lè ou bezwen l. Avèk opsyon plan ki fèt pou sipòte byennèt jeneral ou, swen ou se toujou travay prensipal nan sa n ap fè.





Plan vizyon yo definitivman mande pou gade yo ak plis atansyon

Gen plis pase fè yon egzamen je chak ane nan sante vizyon. Li pa sèlman asire w ou wè klè, men tou, li bay sipò pou je w ak sante w anjeneral. Yon egzamen je chak ane kontwole vizyon w ak sante je w pou bagay tankou glokòm ak katarak, ak siy pwoblèm medikal, tankou dyabèt ak tansyon wo.

Poukisa ou ta dwe enskri pou avantaj vizyon yo?



Fè yon egzamen je chak ane* \$4 Lè w wè yon doktè ki nan rezo a. Epi, yo ka ede detekte oswa anpeche lòt pwoblèm je oswa pwoblèm sante.



Jwenn yon doktè je fasil toupre lakay ou, nan travay ou oswa lwen avèk opsyon endepandan, nan magazen detayan ak sou entènèt.

INDEPENDENT
PROVIDER
NETWORK



LENSCRAFTERS

PEARLE
VISION

OPTICAL

Walmart

sam's club

OAKLEY

Ray-Ban

GLASSES.COM

contactsdirect



Ekonomize an mwayèn 80% sou pri an detay pou linèt vè ak lantiy kontak grasa kopeman ak alokasyon fiks nou yo.



Pran swen w se travay prensipal nan tout sa n ap fè, konsa nou rann li fasil pou ou jwenn èd ou bezwen an – lè ou bezwen l. Ekip sèvis nou yo toujou pare pou ede w epi reponn kesyon w yo.

Genyen EyeRewards lè ou fè yon egzamen je

Jwenn yon kupon rekonpans pou ou itilize nan Sunglass Hut lè ou ale kay yon pwofesyonèl swen je ki nan rezo a pou egzamen je chak ane w la.

Kupon an ap disponib atravè kont Humana w la sou entènèt sou [MyHumana.com](https://www.mylumina.com).

* Egzamen je yo pa kouvri nan plan Humana Vision Materials Only yo.



Karakteristik Plan Humana Vision ou an

Plan Vizyon Humana a gen plis pase 7,800 doktè nan Konte Broward ak nan South Florida. Konpare rezon nou an ki nan tout peyi a ak lòt plan vizyon epi note diferans ki genyen nan aksè ak founisè yo.

Kouvèti pou Vizyon ki Amelyore

Nou ofri yon seleksyon kouvèti plan debaz amelyore, ki gen ladan kèk kalite lantiy pwogresif, rabè sou dezyèm linèt vè ak/oswa frè sèvis pwofesyonèl pou lantiy kontak ochwa yo ak rabè sou operasyon Lasik. Anplis, ou ka chwazi kouvèti pou yon plan amelyore ki bay yon pi gwo kantite chwa nan plis pase 15,000 monti, ki gen ladan monti gwo mak, ak yon pi gwo alokasyon pou lantiy kontak ki ochwa yo. (Gade nan tablo avantaj yo pou plis detay.)

Dosye pwouve

Plan Humana Vision yo te resevwa yon evalyasyon 93% pou satisfaksyon pasyan pou pwofesè ak pèsònèl Broward School yo pandan 20 ane ki sot pase yo.

Ane sa a ou dwe chwazi plan vizyon w lan. Asire kalite kouvèti vizyon w lan lè w chwazi plan Vizyon Humana a.

Gade ekonomi ou fè grasa plan Humana Vision yo:

	Andetay	Humana Vision
		Pwofesyonèl swen sante ki nan rezon yo
Egzamen zye	\$119	\$4
Lantiy	\$153	\$10
Pri mwayèn an detay pou monti	\$208	\$208
Alokasyon mwayèn pou monti	okenn	-\$135
Rabè sou balans ki pi plis pase alokasyon pou monti	okenn	-20%
PRI PA W:	\$480	\$72.00

An mwayèn, manm yo ekonomize 80% lè yo vizite yon founisè ki nan rezon a.

Egzanp ekonomi sèlman pou bay ilustrasyon Ekonomi reyèl yo ap depann de avantaj yo ak chwa monti. Pri an detay la baze sou mwayèn nan sektè a.

Humana Vision (Debaz)

Konsèy Lekòl Konte Broward

Sèvis swen nan zye

	Si w ap itilize yon founisè ki nan rezo a (Pri pou manm)	Si w itilize yon founisè ki pa nan rezo a (Ranbousman)
Egzamen avèk dilatasyon jan li nesèsè Imajri retin ¹	\$4 Jiska \$39	Jiska \$30 Pa kouvri
Chwa egzamen pou mete vè-kontak² Adaptasyon vè-kontak estanda ak swivi Adaptasyon vè-kontak preferansyèl ak swivi	Jiska \$40 Rabè 10% nan lavant an detay	Pa kouvri Pa kouvri
Monti linèt³	Alokasyon \$84 Rabè 20% sou balans ki depase \$84	Alokasyon \$45
Lantiy plastik estanda⁴ Vizyon Senp Bifokal Trifokal Lantikilè	\$10 \$10 \$10 \$10	Jiska \$25 Jiska \$40 Jiska \$68 Jiska \$100
Chwa lantiy ki kouvri yo⁴ Kouch UV Tent (solid ak gradyan) Rezistans estanda kont grate Poli-kabonat estanda - adilt Poli-kabonat estanda - timoun <19 Kouch anti-reflektè estanda Kouch anti-reflèks tif preferansyèl • Nivo 1 • Nivo 2 • Nivo 3 Pwogresif estanda (ki ajoute nan bifokal) Pwogresif preferansyèl • Nivo 1 • Nivo 2 • Nivo 3 • Nivo 4 Tranzisyon fotokwomatik/plastik Polarize	\$15 \$15 \$16 \$25 \$0 \$44 \$60 \$85 \$105 \$0 \$80 \$104 \$145 \$185 \$88 \$66	Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Jiska \$78 Jiska \$78 Jiska \$78 Jiska \$78 Pa kouvri Pa kouvri
Lantiy kontak ki kouvri⁵ (aplike sèlman pou materyèl yo) Konvansyonèl Pou jete apre itilizasyon Ki nesèsè sou plan medikal	Alokasyon \$85, 15% rabè sou balans ki depase \$85 Alokasyon \$85 \$0	Alokasyon \$85 Alokasyon \$85 Alokasyon \$150
Kantite Fwa Egzamen Lantiy oswa vè-kontak Monti linèt	Yon fwa chak 12 mwa Yon fwa chak 12 mwa Yon fwa chak 12 mwa	Yon fwa chak 12 mwa Yon fwa chak 12 mwa Yon fwa chak 12 mwa

Humana Vision (Debaz)

Konsèy Lekòl Konte Broward

Sèvis swen nan zye

	Si w ap itilize yon founisè ki nan rezo a (Pri pou manm)	Si w itilize yon founisè ki pa nan rezo a (Ranbousman)
Swen Zye pou manm ki dyabetik: swen ak tèss pou manm dyabetik yo		
Egzamen	\$0	Jiska \$77
• Jiska de (2) sèvis chak ane		
Imajri retin	\$0	Jiska \$50
• Jiska de (2) sèvis chak ane		
Oftalmoskopi pwolonje	\$0	Jiska \$15
• Jiska de (2) sèvis chak ane		
Gonyoskopi	\$0	Jiska \$15
• Jiska de (2) sèvis chak ane		
Eskanografi nan Lezè	\$0	Jiska \$33
• Jiska de (2) sèvis chak ane		
Avantaj ochwa		
Avantaj Monti 12 mwa	Avantaj la ranplase frekans 24 mwa plan debaz la. Ofri lantiy polikabonat estanda ak \$0 kopeman. Pa disponib nan AK, CT, ID, ak OH.	
Lantiy polikabonat pou timoun ki poko gen 19 ane		

- 1 Depans manm yo ka depase \$39 avèk sèten pwofesyonèl swen sante. Manm yo ka kontakte pwofesyonèl swen sante patnè yo pou detèmine ki depans oswa rabè ki disponib.
- 2 Depans pou adaptasyon vè-kontak estanda ak depans siplemantè ak rabè sou egzamen vè-kontak preferansyèl jiska 2% pa menm selon pwofesyonèl swen sante patisipan. Manm yo ka kontakte pwofesyonèl swen sante patnè yo pou detèmine ki depans oswa rabè ki disponib.
- 3 Rabè ka disponib sou tout monti yo sof lè manifakti a entèdi sa.
- 4 Depans pou chwa lantiy yo ka pa menm selon pwofesyonèl swen sante a. Manm yo ka kontakte pwofesyonèl swen sante patnè yo pou detèmine si depans ki endike yo disponib.
- 5 Plan an kouvri lantiy kontak oswa monti, men pa toulede.

Lòt rabè plan an

- Manm lan ka resevwa yon rabè 20% sou sèvis plan an pa kouvri nan klinik Pwofesyonèl Swen Sante ki nan rezo a. Manm yo ka kontakte pwofesyonèl swen sante patnè yo pou detèmine ki depans oswa rabè ki disponib. Rabè a pa aplike pou sèvis pwofesyonèl yo bay nan klinik Pwofesyonèl Swen Sante EyeMed, oswa pou vè-kontak. Rabè plan an pa kapab melanje avèk okenn lòt rabè oswa òf pou pwomosyon. Sèvis oswa materyèl nenpòt lòt plan avantaj angwoup bay pou jwenn swen vizyon ka pa kouvri. Sèten materyèl vizyon ki gen non komèsyal ka pa kalifye pou yon rabè si manifakti a enpoze yon pratik pou pa bay rabè. Rabè sou Monti linèt, Lantiy ak chwa Lantiy aplike sèlman lè ou achte yon pè linèt konplè. Si manm yo achte yo apa, y ap resevwa yon rabè 20% sou pri detay la.
- Manm yo ka resevwa tou yon rabè 15% oswa 5% sou pri pwomosyon pou LASIK oswa PRK nan US Laser Network, ki pou LCA Vision epi ki anba kontwòl yo. Paske koreksyon vizyon LASIK oswa PRK se yon pwosedi ki pa obligatwa, ki fèt avèk pwofesyonèl swen sante ki resevwa fòmasyon espesyalite, rabè sa a ka pa toujou disponib avèk yon pwofesyonèl swen sante ki nan zòn imedyat ou.

Humana Vision (Amelyore)

Konsèy Lekòl Konte Broward

Sèvis swen nan zye		
	Si w ap itilize yon founisè ki nan rezo a (Pri pou manm)	Si w itilize yon founisè ki pa nan rezo a (Ranbousman)
Egzamen avèk dilatasyon jan li nesèsè Imajri retin ¹	\$4 Jiska \$39	Jiska \$30 Pa kouvri
Chwa egzamen pou mete vè-kontak² Adaptasyon vè-kontak estanda ak swivi Adaptasyon vè-kontak preferansyèl ak swivi	Jiska \$40 Rabè 10% nan lavant an detay	Pa kouvri Pa kouvri
Monti linèt³	Alokasyon \$135 Rabè 20% sou balans ki depase \$135	Alokasyon \$45
Lantiy plastik estanda⁴ Vizyon Senp Bifokal Trifokal Lantikilè	\$10 \$10 \$10 \$10	Jiska \$20 Jiska \$40 Jiska \$68 Jiska \$100
Chwa lantiy ki kouvri yo⁴ Kouch UV Tent (solid ak gradyan) Rezistans estanda kont grate Poli-kabonat estanda - adilt Poli-kabonat estanda - timoun <19 Kouch anti-reflektè estanda Kouch anti-reflèks tif preferansyèl • Nivo 1 • Nivo 2 • Nivo 3 Pwogresif estanda (ki ajoute nan bifokal) Pwogresif preferansyèl • Nivo 1 • Nivo 2 • Nivo 3 • Nivo 4 Tranzisyon fotokwomatik/plastik Polarize	\$15 \$15 \$16 \$25 \$0 \$44 \$60 \$85 \$105 \$0 \$0 \$104 \$145 \$185 \$88 \$66	Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Pa kouvri Jiska \$78 Jiska \$78 Jiska \$78 Jiska \$78 Pa kouvri Pa kouvri
Lantiy kontak ki kouvri⁵ (aplike sèlman pou materyèl yo) Konvansyonèl Pou jete apre itilizasyon Ki nesèsè sou plan medikal	Alokasyon \$120, 15% rabè sou balans ki depase \$120 Alokasyon \$120 \$0	Alokasyon \$120 Alokasyon \$120 Alokasyon \$150
Kantite Fwa Egzamen Lantiy oswa vè-kontak Monti linèt	Yon fwa chak 12 mwa Yon fwa chak 12 mwa Yon fwa chak 12 mwa	Yon fwa chak 12 mwa Yon fwa chak 12 mwa Yon fwa chak 12 mwa

Humana Vision (Amelyore)

Konsèy Lekòl Konte Broward

Sèvis swen nan zye

	Si w ap itilize yon founisè ki nan rezo a (Pri pou manm)	Si w itilize yon founisè ki pa nan rezo a (Ranbousman)
Swen Zye pou manm ki dyabetik: swen ak tèss pou manm dyabetik yo		
Egzamen	\$0	Jiska \$77
• Jiska de (2) sèvis chak ane		
Imajri retin	\$0	Jiska \$50
• Jiska de (2) sèvis chak ane		
Oftalmoskopi pwolonje	\$0	Jiska \$15
• Jiska de (2) sèvis chak ane		
Gonyoskopi	\$0	Jiska \$15
• Jiska de (2) sèvis chak ane		
Eskanografi nan Lezè	\$0	Jiska \$33
• Jiska de (2) sèvis chak ane		
Avantaj ochwa		
Avantaj Monti 12 mwa	Avantaj la ranplase frekans 24 mwa plan debaz la. Ofri lantiy polikabonat estanda ak \$0 kopeman. Pa disponib nan AK, CT, ID, ak OH.	
Lantiy polikabonat pou timoun ki poko gen 19 ane		

- 1 Depans manm yo ka depase \$39 avèk sèten pwofesyonèl swen sante. Manm yo ka kontakte pwofesyonèl swen sante patnè yo pou detèmine ki depans oswa rabè ki disponib.
- 2 Depans pou adaptasyon vè-kontak estanda ak depans siplemantè ak rabè sou egzamen vè-kontak preferansyèl jiska 2% pa menm selon pwofesyonèl swen sante patisipan. Manm yo ka kontakte pwofesyonèl swen sante patnè yo pou detèmine ki depans oswa rabè ki disponib.
- 3 Rabè ka disponib sou tout monti yo sof lè manifakti a entèdi sa.
- 4 Depans pou chwa lantiy yo ka pa menm selon pwofesyonèl swen sante a. Manm yo ka kontakte pwofesyonèl swen sante patnè yo pou detèmine si depans ki endike yo disponib.
- 5 Plan an kouvri lantiy kontak oswa monti, men pa toulede.

Lòt rabè plan an

- Manm lan ka resevwa yon rabè 20% sou sèvis plan an pa kouvri nan klinik Pwofesyonèl Swen Sante ki nan rezo a. Manm yo ka kontakte pwofesyonèl swen sante patnè yo pou detèmine ki depans oswa rabè ki disponib. Rabè a pa aplike pou sèvis pwofesyonèl yo bay nan klinik Pwofesyonèl Swen Sante EyeMed, oswa pou vè-kontak. Rabè plan an pa kapab melanje avèk okenn lòt rabè oswa òf pou pwomosyon. Sèvis oswa materyèl nenpòt lòt plan avantaj angwoup bay pou jwenn swen vizyon ka pa kouvri. Sèten materyèl vizyon ki gen non komèsyal ka pa kalifye pou yon rabè si manifakti a enpoze yon pratik pou pa bay rabè. Rabè sou Monti linèt, Lantiy ak chwa Lantiy aplike sèlman lè ou achte yon pè linèt konplè. Si manm yo achte yo apa, y ap resevwa yon rabè 20% sou pri detay la.
- Manm yo ka resevwa tou yon rabè 15% oswa 5% sou pri pwomosyon pou LASIK oswa PRK nan US Laser Network, ki pou LCA Vision epi ki anba kontwòl yo. Paske koreksyon vizyon LASIK oswa PRK se yon pwosedi ki pa obligatwa, ki fèt avèk pwofesyonèl swen sante ki resevwa fòmasyon espesyalite, rabè sa a ka pa toujou disponib avèk yon pwofesyonèl swen sante ki nan zòn imedyat ou.

Humana Vision (Debaz ak Amelyore)

Limit ak Esklizyon yo:

Anplis limit ak esklizyon yo ki endike nan seksyon “Benefis Swen Zye” ou, règleman sa a pa bay benefis pou sa ki endike anba la yo:

1. Nenpòt depans ou fè pandan ou kalifye pou nenpòt konpansasyon travayè oswa pou lwa konsènan maladi moun pran nan travay, kit ou te aplike oswa pa t aplike pou asirans an.
2. Sèvis yo:
 - Ki gratis oswa ou pa ta gen obligasyon pou peye si ou pa t gen asirans sa a, sof si nou resevwa frè pou peye yo epi si frè sa yo ranbousab nan gouvènman Etazini oswa nenpòt ajans li yo jan lalwa egzije sa;
 - Ki bay oswa peyab dapre, nenpòt plan, oswa lwa avèk nenpòt gouvènman oswa sou-divizyon politik (sa pa gen Medicare oswa Medicaid ladan); oswa
 - Ki bay avèk nenpòt lopital/enstitisyon/ajans gouvènman Etazini posede oswa opere pou nenpòt sèvis ki konekte avèk maladi, oswa chòk kòporèl.
3. Nenpòt pèt ki fèt oswa pwovoke akòz:
 - Lagè oswa nenpòt zak lagè, kit li deklare oswa pa deklare;
 - Nenpòt zak konfli lame entènasyonal; oswa
 - Nenpòt konfli ki gen rapò avèk fòs lame nenpòt otorite entènasyonal.
4. Nenpòt depans ki fèt nan moman w ap ranpli fòm yo.
5. His ou pa ale nan yon randevou.
6. Nenpòt lopital, sant chirijikal, oswa sant tretman, oswa pou sèvis yon anestezi.
7. Medikaman sou preskripsyon oswa pre-medikaman, kit ou resevwa yo oswa kit doktè preskri ou yo.
8. Nenpòt sèvis ki pa endike yon fason espesyal nan Barèm avantaj yo.
9. Nenpòt sèvis nou detèmine ki:
 - Pa yon neseste vizyèl;
 - Pa ofri yon pwonostik favorab;
 - Pa gen yon apwobasyon pwofesyonèl inifòm; oswa
 - Nou jije ki fèt pou eksperyans oswa rechèch.
10. Fòmasyon òptik oswa nan vizyon.
11. Aparèy pou vizyon ki pa nòmal ase ak tès asosye.
12. Lantiy aniseyikonik.
13. Nenpòt sèvis nou konsidere ki kosmetik.
14. Nenpòt depans ou fè anvan oswa apre dat apre dat asirans ou anba kontra sa a ap fini.

15. Sèvis ou resevwa nan men yon moun k ap viv lakay ou nòmalman oswa ki se yon manm fanmi ou.
16. Frè pou peye ki depase limit ranbousman an pou sèvis la.
17. Tretman ki fèt akòz nenpòt maladi oswa chòk ou fè espere ou mete sou kò ou.
18. Lantiy plano (ki gen puisans zewo).
19. Tretman medikal, chirijikal yon zye, toulède zye yo, oswa estrikti sipò.
20. Ranplasman lantiy oswa monti linèt yo bay anba plan sa a ki pèdi oswa kraze, sof si yo disponib anba plan an.
21. Nenpòt egzamen oswa materyèl yon Patwon egzije kòm yon kondisyon travay.
22. Linèt solèy ki pa sou preskripsyon.
23. De pè linèt alaplas bifokal.
24. Sèvis oswa materyèl nenpòt lòt plan avantaj angwoup bay pou jwenn swen nan zye.
25. Sèten non komèsyal lè manifakti a enpoze pou pa gen rabè.
26. Tretman vizyon korektif ki fèt pou eksperyans.
27. Solisyon ak/oswa pwodui netwayaj pou linèt oswa vè-kontak.
28. Tretman patolojik.
29. Medikaman ki pa sou preskripsyon.
30. Depans ki asosye avèk fason pou jwenn materyèl yo.
31. Sèvis pou anvan ak apre operasyon.
32. Òtokeratoloji.
33. Antretyen woutin materyèl.
34. Re-adaptasyon oswa chanjman nan konsepsyon lantiy apre premye adaptasyon, sof si ou gen yon sèten pèmasyon yon lòt kote nan sètifika a.
35. Lantiy ki pentire yon fason atifisyèl.

Pwodui Humana Vision ki asire avèk Humana Insurance Company, Humana Health Benefit Plan of Louisiana, Dental Concern, Inc. oswa Humana Insurance Company of New York. Nan Arizona, plan vizyon gwoup yo asire nan Humana Insurance Company. Nan New Mexico, plan vizyon gwoup yo asire nan Humana Insurance Company. Sa a pa yon divilgasyon konplè kalifikasyon ak limit plan an. Sèten limit ak esklizyon endike nan Gid Enfòmasyon pou Kontwòl ak Teknik ajan an pral bay la. Tanpri revize enfòmasyon sa yo anvan ou aplike pou pwoteksyon an.

REMAK: Vrè depans ou fè yo pou sèvis ki garanti yo ka depase kantite lajan frè pou peye oswa kantite lajan ranbousman an paske vrè pri pwofesyonèl swen sante a reklame ka pa sèvi pou detèmine obligasyon peman konpayi asirans lan ak manm lan.



Kijan pou jwenn yon doktè vizyon nan rezo a

Lè w ale kay yon founisè swen vizyon nan rezo Humana a, sa a asire w ap jwenn pi bon pri a lè w ap itilize avantaj vizyon ou yo. Pou jwenn yon doktè ki nan rezo a, swiv etap sa yo:

Etap 1:

Eskane kòd QR la oubyen ale sou huma.na/vision pou chèche doktè je nan rezo plan **Humana Vision** nan.



Etap 2:

Chèche yon doktè je lè w itilize kote w ye a pou ou jwenn yon doktè nan zòn ou an, oubyen chèche ak non yon doktè.



Founisè sou entènèt ki nan rezo a

Epitou ou ka konsidere youn nan anpil opsyon sou entènèt nou yo ki anndan rezo a, tankou [Oakley](#), [Ray-Ban](#), [Glasses.com](#), [ContactsDirect.com](#), [LensCrafters](#) ak [Target Optical](#).





Ki lòt bagay ki vini ak plan Humana w la?

Antanke manm Humana, w ap gen aksè ak lòt avantaj tankou rabè nou yo pou manm yo sèlman sou divès kalite sèvis ki sipòte sante ak byennèt ou anjeneral.





Rabè pou manm Humana yo sèlman

Aksè ak divès kalite rabè ki sipòte sante ak byennèt ou anjeneral

Nou konprann enpòtans sante w anjeneral. Se poutèt sa nou chwazi konpayi pou nou fè ekip avèk yo avèk anpil atansyon pou ofri rabè espesyal manm Humana yo ka benefisye:

- **Pwodui dantè pèsonalize** pou bagay tankou blanchi dan ak aparèy dantè ak swivi ak kòmantè pèsonalize.
- **Rabè sou swen vizyon** sou Lasik, egzamen, linèt ak lantiy kontak
- **Opsyon pou aparèy pou tande** nan zòn ou an ak sou entènèt
- **Rabè anplis** pou bagay tankou pèdi pwa, terapi masaj, aparèy pou amelyore eta fizik, ak plis ankò



Aprè kouvèti plan Humana w la fin kòmanse, **jwenn aksè ak rabè pou manm yo sèlman** lè w konekte sou [MyHumana.com](https://www.mychumana.com).

Chèche “Special Discounts” (Rabè Espesyal) nan seksyon “Coverage” (Kouvèti) MyHumana a.



VIZYON

Rabè anplis pou manm plan Humana Vision yo

Bon sante vizyon enpòtan pou sante anjeneral. Se poutèt sa nou pran angajman pou nou ba ou aksè ak rabè ki gen valè ajoute ki te rann li pi fasil pou pran swen je w yo — epi ede w ekonomize lajan.

Avèk plan Humana Vision ou an, ou deja jwenn 40% rabè sou yon dezyèm linèt vè preskripsyon ak 20% rabè sou linèt solèy san preskripsyon lè w itilize yon founisè ki nan rezo a.

Anplis, ou ka benefisye plis rabè toujou nan men detayan sa yo, tankou*:

- **LensCrafters:** Jwenn yon bonis \$50 ak 50% rabè anplis sou linèt vè nan LensCrafters® anplis asirans vizyon w lan.
- **Target:** Jwenn jiska \$150 ekonomi imedya sou yon rezèv lantiy kontak chak ane. Epitou, ou kapab jwenn \$50 rabè sou linèt vè milti-fokal yo oubyen \$25 rabè sou linèt vè vizyon senp yo lè w achte yon linèt konplè.
- **Pearle Vision:** Jwenn \$50 rabè lè w achte yon linèt vè konplè (monti ak lantiy)
- **LasikPlus:** Ekonomize \$1,000 sou LASIK avèk lazè Wavelight la nan LasikPlus®, TLC Laser Eye Center ak LASIK Vision Institute.
- **Glasses.com:** Jwenn \$30 rabè sou tretman lantiy Blue Lighte nan Glasses.com



Pou ou jwenn aksè a rabè ou yo, ale sou **Humana.com** epi konekte. Chwazi Vizyon, apreswa chwazi Humana Vision, epi chwazi Òf Espesyal.

- **ContactsDirect:** Ekonomize 10% sou lantiy kontak
- **Cooper Vision | MiSight®:** Ekonomize \$200 sou lantiy kontak mou pou 1 jou yo ki fèt pou timoun ki wè byen sèlman lè bagay pre yo. Rabè a se sèlman pou mak MiSight.
- **MyEyeDr®:** Ekonomize \$50 sou linèt vè oswa lantiy kontak oswa ekonomize 20% sou pwochen kòmand ou an sou shop.myeyedr.com
- **Hilco Vision:** Fè ekonomi sou pwodui netwayaj lantiy, aparèy pou kenbe Croakies ak pòch pou linèt vè
- **Amplifon:** Jiska 66% rabè sou aparèy odisyon nan plizyè milye kote nan tout peyi a

* Rabè ak òf yo pa valab pou kontra asirans ki soti nan Eta Texas.




Jere plan Humana sou entènèt

MyHumana tout kote nenpòt lè

Aprè ou vin manm plan Humana a, ou jwenn pi plis avantaj posib nan plan w lan avèk yon kont MyHumana a, epi ou ka itilize sèvis esansyèl Humana w yo tout kote w ale avèk aplikasyon mobil MyHumana a.

Selon plan w lan, ou ka itilize aplikasyon an pou:

- **Eksplòre detay sou kouvèti ak avantaj** nan lè w bezwen yo
- **Pran kat idantifikasyon manm ou yo** epi ajoute yo nan bous telefòn ou an.
- **Jwenn swen toupre w** epi jwenn enstriksyon sou aplikasyon kat jewografik telefòn ou an.
- **Revize estati reklamasyon yo**
- **Jwenn aksè ak rabè pou manm yo sèlman**



Aprè kouvèti plan Humana w la kòmanse, ale sou [MyHumana.com](https://www.mychumana.com) pou ou aktive kont ou **oubyen telechaje epi enskri sou aplikasyon MyHumana a** pou iOS ak Android.



Aprann plis bagay sou [humana.com/member/manage-your-account](https://www.humana.com/member/manage-your-account)



Kouvèti vizyon lè w ap vwayaje deyò peyi a

Jwenn linèt ijans ak swen pou je lè w ap vwayaje aletranje

Si ou pèdi oswa kase linèt ou a pandan w ap vwayaje oswa ou bezwen swen pou je w, manm Humana vision yo ka jwenn sèvis ijans kay founisè ou ka fè konfyans nan 20 peyi ak teritwa:

- **Linèt ijans yo livre nan 24 èdtan*** – jwenn linèt ki ka ajiste, tanporè pou \$0
- **Sipò nan telefòn 24 sou 24, 7 jou pa** semèn ak èd tradiksyon gratis nan 160 lang
- **Anyè sou entènèt founisè entènasyonal** nan 20 peyi
- **Gid swen je entènasyonal** ak kesyon ak repons pou ede w jwenn swen vizyon nan 20 peyi ak teritwa atravè mond lan, avèk konsèy ak direktiv ki adapte pou chak peyi.
- **Tout pati nan avantaj vizyon ou yo** – peye sèlman pou egzamen je a oswa materyèl linèt ou achte yo.
- **Soumèt reklamasyon fasil sou entènèt** - senpleman telechaje resi yo epi resevwa ranbousman 100% avantaj ki kalifye pou moun ki pa nan rezò a.

Lè w ap vwayaje, toujou mache ak nimewo sa a.

+1.513.765.2870

Pou ou fè kòmand linèt vè ijans, jwenn yon founisè, oswa mande tradiksyon.

Konsèy pou ede w rele Etazini nan yon lòt peyi: Konpoze siy plis la +, apres 1, apres kòd zòn nan, epi nimewo a.



Jwenn aksè ak sipò entènasyonal atravè MyHumana

Aprè kouvèti plan vizyon w lan kòmanse, ou ka jwenn aksè ak avantaj vizyon entènasyonal ou yo apre ou fin aktive kont [MyHumana.com](https://www.mychumana.com) ou an.

Senpleman konekte sou MyHumana epi chèche onglè “International” (Entènasyonal) la sou paj akèy avantaj vizyon w lan.

* Yo livre linèt vè nan pifò kote nan 24 èdtan, sepandan, gen kèk zòn nan mond lan ki ka pran plis tan.

Avi sou Entèdiksyon Diskriminasyon. Humana Inc. ak filyal li yo respekte tout lwa federal sou dwa sivil ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon ni mete pèsoun aleka akòz ras, koulè po, relijyon, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, peyi kote moun nan soti, estati militè, estati moun nan kòm ansyen militè, enfòmasyon jenetik, desandans, gwoup etnik, eta sivil, lang, eta sante, oswa bezwen moun nan genyen pou sèvis sante yo. Humana Inc. bay moun ki andikape modifikasyon ki rezonab ak èd ak sèvis oksilyè gratis pou yo ka kominike byen avèk nou, epi li bay sèvis asistans nan lang gratis pou moun ki pa anglè kòm lang prensipal, tankou entèprèt lang siy ki kalifye ak enfòmasyon alekri nan lòt fòm.

Si ou bezwen modifikasyon ki rezonab, èd oksilyè ki apwopriye, oswa sèvis èd nan lang, kontakte Humana Inc. ak filyal li yo nan nimewo **877-320-1235 (TTY: 711)**. Orè fonksyonman: 8 a.m. – 8 p.m., Lè zòn lès. Si w kwè Humana Inc. pa t bay sèvis sa yo oswa li te fè diskriminasyon akòz ras, koulè po, relijyon, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, peyi kote moun nan soti, estati militè, estati moun nan kòm ansyen militè, enfòmasyon jenetik, desandans, gwoup etnik, estati sivil, lang, eta sante, oswa bezwen moun nan genyen pou sèvis sante yo, ou kapab depoze yon plent an pèsòn, pa lapòs oswa pa imel bay Kowòdonatè Entèdiksyon Diskriminasyon Humana Inc. nan P.O. Box 14618, Lexington, KY 40512-4618, **877-320-1235 (TTY: 711)**, oswa **accessibility@humana.com**. Si w bezwen èd pou ou depoze yon plent, kowòdonatè Entèdiksyon Diskriminasyon an ka ede w.

Epitou ou kapab soumèt yon plent nan US Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini), Office for Civil Rights (Biwo pou Dwa Sivil) sou fòm elektwonik atravè Office for Civil Rights Complaint Portal (Pòtay Biwo Plent pou Dwa Sivil la), ki disponib sou paj Entènèt **<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>**, oswa pa lapòs oswa pa telefòn nan: U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201. **800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)**.

Manm oswa rezidan California: Epitou ou kapab rele nimewo dirèk gratis Depatman Asirans California a nan nimewo **800-927-HELP (4357)**, pou ou depoze yon plent.

Auxiliary aids and services, free of charge, are available to you. 877-320-1235 (TTY: 711). Hours of operation: 8 a.m. – 8 p.m., Eastern time. Humana Inc. and its subsidiaries provide free auxiliary aids and services to people with disabilities when auxiliary aids and services are necessary to ensure an equal opportunity to participate. Services include qualified sign language interpreters, video remote interpretation, and written information in other formats.

English: Call the number above to receive free language assistance services.

Español (Spanish): Llame al número que se indica arriba para recibir servicios gratuitos de asistencia lingüística.

繁體中文 (Chinese): 您可以撥打上面的電話號碼以獲得免費的語言協助服務。

Tiếng Việt (Vietnamese): Gọi số điện thoại ở trên để nhận các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí.

한국어 (Korean) 무료 언어 지원 서비스를 받으려면 위 번호로 전화하십시오.

Tagalog (Tagalog – Filipino) Tawagan ang numero sa itaas para makatanggap ng mga libreng serbisyo sa tulong sa wika.

Русский (Russian): Позвоните по вышеуказанному номеру, чтобы получить бесплатную языковую поддержку.

العربية (Arabic): اتصل برقم الهاتف أعلاه للحصول على خدمات المساعدة اللغوية المجانية.

French Creole (Haitian Creole): Kreyòl Ayisyen (French Creole) Rele nimewo ki e dike anwo a pou resevwa sèvis èd gratis nan lang.

Français (French): Appelez le numéro ci-dessus pour recevoir des services gratuits d'assistance linguistique.

Polski (Polish) Aby skorzystać z bezpłatnej pomocy językowej, należy zadzwonić pod wyżej podany numer.

Português (Portuguese): Ligue para o número acima para receber serviços gratuitos de assistência no idioma.

Italiano (Italian) Chiamare il numero sopra indicato per ricevere servizi di assistenza linguistica gratuiti.

日本語 (Japanese): 無料の言語支援サービスを受けるには、上記の番号までお電話ください。

Deutsch (German): Wählen Sie die oben angegebene Nummer, um kostenlose sprachliche Hilfsdienstleistungen zu erhalten.

فارسی (Farsi): برای دریافت تسهیلات زبانی بصورت رایگان با شماره فوق تماس بگیرید.

हिंदी (Hindi): भाषा सहायता सेवाएं मुफ्त में प्राप्त करने के लिए ऊपर के नंबर पर कॉल करें।

հայերեն (Armenian): Հանգամանքներ վերը նշված հեռախոսահամարով անվճար լեզվական օգնություններ ստանալու համար:

ગુજરાતી (Gujarati): મફત ભાષા સહાય સેવાઓ મેળવવા માટે ઉપર આપેલા નંબર પર કોલ કરો.

Hmoob (Hmong) Hu rau tus xov tooj saum toj sauv kom tau txais kev pab txhais lus dawb.

Avi sa yo disponib sou **www.humana.com/legal/non-discrimination-disclosure** ak **www.humana.com/legal/multi-language-support**.

Humana

Sèvis manm vizyon yo

866-890-4464 | 954-527-4088

your.humana.com/sbbc



Asire oswa administre atravè Humana Insurance Company, oswa CompBenefits Company ofri l.

Kominikasyon sa a bay yon deskripsyon jeneral sou sèten benefis asirans oswa benefis ki pa gen rapò ak asirans ki idantifye nan youn oswa plizyè nan plan benefis asirans nou yo. Plan avantaj asirans nou yo gen esklizyon ak limit ak tèm ki di si asirans an ka kontinye rete anvigè oswa sispann. Pou pri yo ak tout detay sou asirans an, gade nan dokiman plan an oswa rele oswa ekri ajan asirans Humana w lan oswa konpayi a. Sizoka ta gen nenpòt dezakò ant kominikasyon sa a ak dokiman plan an, dokiman plan an ap gen priyorite.

App Store ak aplikasyon Google Play store se mak komèsyal anrejistre Apple Inc. ak Google. Tout dwa rezève. Apple ak Google pa patisipan nan pwomosyon sa a ni yo pa patwone l.

Rabè pou swen vizyon sa yo disponib sèlman pou plan vizyon ki gen avantaj pou materyèl ki kalifye sèlman. Yo pa aplikab pou plan vizyon pou egzamen sèlman. Rabè yo ofri atravè Pwogram Rabè sa a pa asirans oswa avantaj asirans. Pwogram nan ka chanje, oubyen yo ka sispann li, san avètisman epi nenpòt lè. Pa gen rabè disponib pou manm ki gen kontra asirans ki soti nan Texas. Sa a se yon echantyon òf ki disponib sou entènèt. Òf ki reprezante la yo pa ka konbine. Pou ou jwenn kòd òf, gade kondisyon òf yo, epi chèche lòt òf ki genyen aktyèlman ak òf ki disponib, ale sou sit entènèt ki endike sou kat idantifikasyon w lan. Tout non, logo, mak ak mak komèsyal pwodui yo se pwopriyete pwopriyete pa yo chak, epi lè yo itilize yo, sa a pa vle di yo apwouve yo. Manm yo ka resevwa rabè sou atik plan w lan pa kouvri nan men founisè rezo yo. Manm yo ta dwe kontakte founisè rezo yo a pou yo ka konnen ki rabè ki disponib.